**दिन–बुधवार** **दिनांक–30.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी दू अगस्त के उत्तर प्रदेशक वाराणसी में आयोजित समारोहक दरमियान प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधी के बीसम किस्त जारी करताह। योजना के अंतर्गत किसान लोकनि के तीन किस्त मे छओ–छओ हजार टाका हस्तांतरित कयल जायत अछि। केन्द्रीय कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान ई जनतब देलनि अछि।

———————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आशा आ ममता कार्यकर्ता लोकनिक प्रोत्साहन राशि मे वृद्धि करबाक घोषणा कयलनि अछि। श्री कुमार एक सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि अछि जे आशा कार्याकर्ता लोकनि के आब एक हजार टाका के स्थान पर तीन हजार टाका प्रोत्साहन राशि प्रदान कयल जायत। संगहि ममता कार्यकर्ता लोकनि के प्रति प्रसव तीन सय टाका के बदला आब छओ सय टाका के प्रोत्साहन राशि देल जायत। श्री कुमार कहलनि जे एहि सँ एहि कार्यकर्ता लोकनिक मनोबल बढ़त आ ग्रामीण क्षेत्र सभ मे स्वास्थ्य सेवा आओर मजगूत होयत।

———————————————————

राज्य सरकार द्वारा आशा आ ममला कार्यकर्ता लोकनि के देल जायवला प्रोत्साहन राशि मे वृद्धि करबाक निर्णय के व्यापक स्वागत भेल अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कहलनि अछि जे एहि निर्णय सँ सेवारत महिला लोकनिक मनोबल बढ़त। श्री पांडेय पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे एहि सँ ग्रामीण स्वास्थ्य ढांचा के मजगूती भेटत।

———————————————————

राज्य मे जारी मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक दोसर चरण एक अगस्त सँ शुरू होयत। चुनाव आयोग कहलक अछि जे एक अगस्त के प्रारूप निर्वाचन सूची के प्रकाशन कयल जायत। एक सितम्बर धरि दावा–आपत्ति दाखिल कयल जा सकैत अछि। आयोग कहलक अछि जे दावा–आपत्ति के निष्पादनक लेल सभ प्रखंड सह अंचल कार्यालय तथा शहरी निकाय कार्यालय मे दू अगस्त सँ एक सितम्बर धरि विशेष कैंप लगाओल जायत।

———————————————————————

आगामी विधानसभा चुनावक तैयारी के लऽकऽ पटना मे राष्ट्रीय जनता दल आ कांग्रेसक नेतृत्ववला महागठबंधनक समन्वय समिति के आइ बैसक भेल। बैसक के अध्यक्षता राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कयलनि। बैसक मे रक्षा बंधन के बाद राज्यक सभ नओ प्रमंडल मे संयुक्त रूप सँ पैघ चुनावी रैली आयोजन करबाक निर्णयक कयल गेल अछि। एहि बात पर सेहो सहमति भेल अछि जे राहुल गांधी सहित महागठबंधनक सभ छओ दल के वरिष्ठ नेता एहि रैली मे सम्मिलित हेताह। श्री यादव कहलनि जे बेरोजगारी पलायन शिक्षा आ शिक्षा के क्षेत्र मे सरकारक विफलता के एहि रैली के माध्यम सँ जनता के अवगत कराओल जायत। कांग्रेस प्रदेश अध्यक्ष राजेश कुमार, कांग्रेसक बिहार मामिलाक प्रभारी कृष्णा अल्लावरू आ सीपीआई माले सहित वाम दलक वरिष्ठ नेता लोकनि उपस्थित छलाह। जखनकि वीआईपी प्रमुख मुकेश सहनी एहि बैसक मे सम्मिलित नहि भेलाह। एहि के लऽकऽ कतेको अटलक सेहो लगाओल जा रहल अछि।

———————————————————————

मैथिली भाषा के राष्ट्रपति भवनक आधिकारिक वेबसाइट पर समावेश कयल जयबा के लऽकऽ मैथिली भाषी लोकनि जोरगर स्वागत कयलनि अछि। ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक स्नातकोत्तर मैथिली विभाग मे एहि के लऽकऽ एक बैसक आयोजित कयल गेल। बैसक के संबोधित करैत प्रोफेसर दमन कुमार झा कहलनि जे सरकारक ई निर्णय मैथिली भाषा के सम्मान आ संरक्षणक दिशा मे एक ऐतिहासिक डेग अछि। ओतहि वरिष्ठ शिक्षक प्रोफेसर अशोक कुमार मेहता कहलनि जे सर्वोच्च संवैधानिक संस्थाक वेबसाइट के मैथिली संस्करण शुरू भेला सँ लोकसभ के भाषिक समानता के संदेश भेटि रहल अछि।

———————————————————————

उप मुख्यमंत्री सह खान आ भूतत्व मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि अछि जे कोनो जिला सँ अवैध खनन, परिवहन आ भंडारण के शिकायत भेटला पर दोषी सभक विरूद्ध कड़गर कार्रवाई कयल जायत। श्री सिन्हा पटना मे विभागीय समीक्षा बैसक के बाद पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे एहि मामिला सँ संबंधित थाना प्रभारी के संगहि पुलिस अधिक्षक के भूमिकाक सेहो गहनता सँ जाँच कयल जायत। ओ अधिकारी लोकनि सँ क्षेत्र मे अवैध खननक विरूद्ध नियमित निरीक्षण आ निगरानी बनौने राखबाक निर्देश देलनि।

———————————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय पूर्व रेलमंत्री लालू प्रसाद के विरूद्ध निचुलका अदालत मे चलि रहल मामिला पर रोक लगेबा सँ इनकार कऽ देलक अछि। रेलवे मे नोकरी के बदला जमीन घोटाला मामिला मे लालू प्रसाद आ आन पर दिल्ली के राउज एवेन्यू कोर्ट मे मामिला चलि रहल अछि। उच्चतम न्यायालय अपन निर्णय मे कहलक अछि जे एहि संबंध मे एक याचिका पहिनहि सँ हाई कोर्ट मे लंबित अछि। एहि लेल एखन ओ एहि मामिला मे हस्तक्षेप नहि करताह। विदित अछि जे एहि मामिलाक जाँच सीबीआई कऽ रहल अछि। सीबीआई लालू प्रसाद, हुनक पत्नी राबड़ी देवी, बेटी मिसा भारती सहित कतेको लोकसभ के आरोपी बनौलक अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता सँ लगातार वर्षा भऽ रहल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे एहि के लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। ओतहि राज्यक दरभंगा, समस्तीपुर, सीतामढ़ी सहित उत्तर आ पूर्वी भाग मे अन्हर पानि के संभावना अछि। एहि दरमियान किछु ठाम ठनका खसबाक सेहो आशंका अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।